# ҚАРАҚАЛПАҚСТАН РЕСПУБЛИКАСЫ
# ХАЛЫҚ БИЛИМЛЕНДИРИЎ МИНИСТРИНИҢ
# БУЙРЫҒЫ

**Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң "Өз алдына билим алыў зәрүрлиги болған балаларға билим бериўге тийисли норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў ҳаққында"ғы 638-санлы қарары ҳәм Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-октябрь күнги 341-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў туўралы**

Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң "Өз алдына билим алыў зәрүрлиги болған балаларға билим бериўге, байланыслы норматив-ҳуқықый ҳүжжетлерди тастыйықлаў ҳаққында"ғы 638-санлы қарары ҳәм усы қарар тийкарында Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-октябрь күни қабылланған 341-санлы буйрығының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде

**БУЙЫРАМАН:**

1. Өзбекстан Республикасы Халық билимлендириў министрлигиниң 2021-жыл 22-октябрь күнги 341-санлы буйрығы орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. Министрдиң орынбасары (И.Балтабаев)на - Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңеси, Қаржы министрлиги менен биргеликте қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемелеринде кәсипке оқытыў курсларын Өзбекстан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2021-жыл 12-октябрь күнги 638-санлы қарары менен тастыйықланған "Өз алдына тәлим алыў зәрүрлиги болған балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемелеринде кәсипке оқытыў курсларын шөлкемлестириў тәртиби ҳаққындағы Режениң 1-қосымшасы талаплары тийкарында үскенелениўин тәмийинлеў ўазыйпасы тапсырылсын.

3. Финанслық анализлеў ҳәм режелестириў бөлими (Т.Утепов) - инклюзив тәлим класслары оқытыўшыларына мийнетиниң өз алдына шараятлары ушын ҳәр айда төленетуғын үстеме ҳақы класста өз алдына тәлим алыў зәрүрлиги болған бир бала ушын лаўазым ис-ҳақысының 10 пайызы, еки бала ушын лаўазым ис-ҳақысының 20 пайызы, үш бала ушын лаўазым ис-ҳақысының айлығының 30 пайызы муғдарында, 2 ҳәм оннан артық инклюзив тәлим классларында 4 ҳәм оннан аслам бала ушын тәлим-тәрбия жумысларын алып барған оқытыўшылар ҳәм арнаўлы педагогларға лаўазым ис-ҳақысының 40 пайызы, баслаўыш таяныш коррекцион класс оқытыўшылары ҳәм арнаўлы педагогларға мийнетиниң өз алдына шараятлары ушын ҳәр айда төленетуғын үстеме ҳақы лаўазым айлығының 50 пайызы муғдарында төлениўин қадағаўға алсын.

4. Министрликтиң Педагогикалық-психологиялық диагностика жумысын шөлкемлестириў Секторы (Э.Нуртаев)на:

Қарар пенен тастыйықланған Психологиялық-медицианлық-педагогикалық комиссиялар ҳаққындағы Режеге муўапық бир ай мүддетте өз алдына билим алыў

зәрүрлиги болған балаларды Қарақалпақстан Республикасы бойынша физикалық, ақылый, сенсор ямаса руўхый жақтан кемшилиги болалар балалар ушын қәнигелестирилген мәмлекетлик билимлендириў мәкемелерине жибериў бойынша Психологиялық-медициналық-педагогикалық комиссиясы қурамы ҳәм жумысын қайта көрип шығыў;

инклюзив тәлим системасын енгизиў, баслаўыш таяныш коррекцион класслар ҳәм қәнигелестирилген топарларды шөлкемлестириў нәтийжелерин есапқа алған ҳалда топланған тәжирийбелерди республикамыздың басқа районларына басқышпа-басқыш енгизиў илажларын корип шығыў тапсырылсын.

5. Нөкис қалалық Халық билимлендириў бөлими (П.Ақназаров)не-2021-жылдың 20-декабрь күнине шекем 2021-2022-оқыў жылынан баслап тәжирийбе-сынаў сыпатында шөлкемлестирилген 25-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде инклюзив тәлим ҳәм 27-санлы улыўма орта билим бериў мектебинде баслаўыш таяныш коррекцион класслар жумысы ҳаққындағы есабат ҳәм усынысларды министрликке усыныў тапсырылсын.

6. Барлық қалалық, районлық халық билимлендириў бөлимлери - 2022-2023 оқыў жылы ушын инклюзив тәлим ҳәм баслаўыш таяныш коррекцион класслар шөлкемлестирилиўи режелестирилген дизимин министрликтиң Улыўма билим бериў мәкемлери жумысын муўапықластырыў бөлимине усынсын.

7. Министрликтиң Баспасөз хаткери (Т.Даулетмуратов)не - өз алдына тәлим алыў зәрүрлиги болған балалардың билим алыў ҳуқықы ҳәм еркинлигин мәмлекет тәрепинен қоллап-қуўатланыўы, олардың мәдeният, көркем-өнер, спорт ҳәм басқа да бағдарларда ерискен жетискенликлерин, сондай-ақ, инклюзив тәлим-тәрбияның мазмунын, әҳмийетин ғалаба хабар қуралары ҳәм министрликтиң социаллық тармақлары арқалы жарытыў тапсырылсын.

8. Усы буйрықтың орынланыўын қадағалаўды министрдиң орынбасары Ш.Таджимуратовқа жүклeнсин.

**Министр** **Р.Реимов**

№ 228/1
"25" Октябрь 2021-жыл